

# Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal



Eunice Kennedy Shriver Center

Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health

@IRCABH  
774-455-4056

www.massairc.org  
airc@umassmed.edu



Foto rekadre de yon gwoup moun ki pa idantifye k ap kenbe men youn ak lòt.

## Medicare ak Asirans Maladi pou Adilt Andikape nan Massachusetts

Medicare fèt sitou pou moun ki gen plis pase 65 lane. Sepandan, yon moun ki poko gen 65 lane kapab resevwa Medicare tou, depi li kòmanse resevwa avantaj asirans andikap nan Sekirite Sosyal (SSDI) pandan 24 mwa. Men yon rezime kèk nan kesyon granmoun ki gen andikap (ki gen mwens pase 65 lane) kapab konfwonte lè yo vin kalifye pou Medicare. **Objektif li pa pou bay tout enfòmasyon sou Medicare nan fason konplè. (W ap jwenn lyen ki mennen nan resous jeneral sou Medicare nan fen dokiman sa a).**

### Kisa asirans-maladi ye?

Medicare se yon pwogram asirans sante federal. Kouvèti Medicare divize an twa prensipal "pati":

- Pati A – Asirans sejou lopital
- Pati B – Asirans medikal (sètadi swen pou moun ki rete dèmi lopital)
- Pati D – Kouvèti medikaman sou preskripsyon

(Pati C fè referans ak plan Medicare Advantage, ki se yon altènatif "tout-an-yon sèl" nan asirans sante orijinal la. Plan konbine sa yo gen ladan yo pati A, pati B, epi anjeneral pati D tou).



Yon enstriktè ap montre adilt ki gen yon andikap mantal kijan pou koud

Tout moun ki gen Medicare benefisye pati A. Pifò moun chwazi pran pati B ak pati D tou. Si yon moun benefisye MassHealth epi li ranpli sèten kondisyon revni, MassHealth pral kouvri prim masyèl pou pati B a. Manm MassHealth yo ka tou benefisye kouvèti medikaman sou preskripsyon nan pati D a, san yo pa peye prim oswa franchiz, e sèlman avèk yon ti kopeman minimòm.

Pwogram SHINE (Serving the Health Insurance Needs of Everyone) pèmèt ou jwenn asistans pèsonalize sou enskripsyon nan Medicare ak avantaj li yo. Sit entènèt SHINE lan se <https://shinema.org>; nimewo gratis la se 800-243-4636.

## **Sekirite Sosyal – Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) ak Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability Insurance, SSDI)**

**SSI** bay èd finansye pou granmoun ak timoun ki gen andikap, kote revni yo ak byen yo limite. Limit SSI a pou yon moun se 2,000 dola. Anpil moun ki gen andikap fè yon demann pou SSI kòm yon endividi apre yo fin gen 18 an, lè byen fanmi yo pa fè yo diskalifye. Lè yo apwouve yon moun pou SSI, li otomatikman benefisye MassHealth. (Remak: pa nesèsè pou w renonse a lòt asirans).

### **Kisa SSDI ye? Ki diferans ki genyen ak SSI an?**

**SSDI** se yon avantaj ki bay yon moun ki gen andikap sou baz eksperyans travay li oswa eksperyans travay yon paran ki te kòmanse benefisye avantaj Sekirite Sosyal (oswa ki te mouri). Pou benefisye SSDI sou baz eksperyans travay yon paran, pitit granmoun nan dwe gen yon andikap ki te kòmanse anvan li gen 22 an. Kontrèman ak SSI, pa gen okenn limit sou revni oswa byen ki asosye ak kalifikasyon pou SSDI. Remak: kèk granmoun ki gen andikap ki benefisye SSDI toujou sibi limit 2,000 dola sou byen si yo anrejistre nan pwogram egzansyon MassHealth. Nou rekòmande pou fanmi yo tcheke avèk kowòdonatè sèvis yo oswa avèk sèvis MassHealth pou konfime. Pou plis enfòmasyon, gade nan <https://www.ssa.gov/pubs/EN-05-10026.pdf>.

Nan anpil ka, montan alokasyon SSDI a pi gwo pase alokasyon SSI a. Lè sa a, SSDI ranplase SSI. Nan lòt ka a, moun nan ap resevwa yon konbinezon de SSDI ak SSI. Apre 24 mwa ap resevwa èd sosyal, moun nan ap otomatikman enskri nan asirans sante.

### **Si yon moun travèse soti nan SSI janbe nan SSDI, èske li pèdi dwa li pou jwenn MassHealth?**

Non, yo p ap pèdi MassHealth. Men, si montan alokasyon SSDI a pi gwo anpil pase alokasyon SSI a, li posib ke yo va dwe peye yon ti prim pou MassHealth yo.

### **Lè yon moun ki andikape jwenn asirans-maladi an, èske li pèdi dwa li pou jwenn MassHealth?**

Non! Anpil granmoun ki gen andikap te kouvri pa MassHealth pandan plizyè ane anvan yo te kapab kalifye pou Medicare. Lè Medicare ajoute, li vin asirans "prensipal" (sa ki peye an premye), men kouvèti MassHealth la pa sispann, depi moun nan kontinye ranpli tout kritè kalifikasyon MassHealth. Kritè kalifikasyon yo fikse pa gouvènman eta a e yo gen ladan yo limit sou revni ak, nan anpil ka, yon limit sou byen.

Si MassHealth kouvri yon preskripsyon, yon sèvis oswa yon founisè ki pa kouvri pa Medicare, MassHealth ap peye kòm yon asirans "segondè". MassHealth kouvri tou pifò frè ki remboursab pa Medicare (prim, franchiz ak pati moun nan dwe peye). Si yon granmoun ki gen andikap pa benefisye MassHealth lè li enskri nan Medicare, li ka toujou jwenn MassHealth.

## Ki demach ou ta dwe fè opre MassHealth?

Si moun nan deja kouvri pa MassHealth, resevwa kat Medicare a (anjeneral kèk mwa anvan kòmansman Medicare) dwe deklanche plizyè aksyon (swa pa granmoun ki gen andikap la oswa pa reprezantan otorize li):

- Enskri moun nan nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare pati D (oswa nan yon plan Medicare Advantage ki gen ladan pati D).
- Veye lèt MassHealth ak Medicare yo ki ka gen enfòmasyon enpòtan. MassHealth ka voye yon lèt ki mande moun ki kouvri a (oswa reprezantan li) pou ranpli yon fòm egzamen kalifikasyon, si MassHealth remake gen chanjman ki ka afekte kalifikasyon moun nan.

## Si yon adilt andikape gen asirans travay paran li epi li jwenn Medicare, ki chanjman k ap fèt?

Dapre gwosè anplwayè paran an, Medicare ka se yon asirans prensipal oswa segondè. Si anplwayè a gen mwens pase 100 anplwaye, Medicare vin tounen asirans prensipal, sa vle di li peye demann ranbousman yo anvan asirans prive. Si anplwayè a gen 100 anplwaye oswa plis, ESI an ap peye an premye, epi Medicare ap peye an dezyèm. (Remak: si w ap benefisye COBRA, Medicare pral se asirans prensipal la). MassHealth toujou peye dènye a. Enfòmasyon asirans prive w ke granmoun ki gen andikap la kouvri pa Medicare epi mande yo kijan yo kowòdone kouvèti a ak Medicare. Ou ka jwenn plis detay isit la.

Remak : Kontrèman ak anpil plan asirans prive, Medicare pa kouvri terapi ki gen rapò ak otis ak sante konpòtman, tankou analiz aplike konpòtman (ABA); MassHealth non plis, pou moun ki gen plis pase 21 an. Sepandan, lè granmoun ki gen andikap la gen asirans prive tou, asirans sa a ka kouvri sa Medicare pa kouvri (tankou ABA). Gade fich enfòmasyon nou an "[Opsyon aprè laj 26 lane](#)." pou plis enfòmasyon sou kenbe yon pitit granmoun nan asirans sante anplwayè a.

## Kijan Medicare enpakte MassHealth Premium Assistance?

« Si yon moun ap resevwa asistans pou prim (kòmpanasyon pou pri asirans prive) lè li kòmanse benefisye Medicare, MassHealth pap bay avantaj sa a ankò. Sepandan, MassHealth ka kouvri kèk depans ki gen rapò ak Medicare ki ta tounen depans lòt moun ki gen andikap la ta dwe peye (pa egzanz, prim pati B a).

## Kisa "OneCare" ye?

Massachusetts te kreye yon pwogram yo rele "OneCare" pou moun ki kouvri tou de pa MassHealth ak Medicare (ki rele "dual eligibles"). Reflechi byen sou bezwen espesifik moun nan lè w ap evalye avantaj yo (pa egzanz, jesyon swen) ak dezavantaj yo (pa egzanz, rediksyon nan chwa founisè yo) nan pwogram sa a. **OneCare pa obligatwa epi ou ka refize li.**

## Resous yo:

### Konsèy pèsonalize sou Medicare ak MassHealth :

- SHINE : <https://shinema.org/>; nimewo gratis la se 800-243-4636.

## Liy sèvis pou kliyantèl Medicare ak MassHealth

- Medicare : 1-800-MEDICARE
- MassHealth : 800-841-2900

## Prezève elijibilite pou avantaj yo lè w ap travay:

- Work Without Limits: <https://workwithoutlimits.org/>

## Lòt kesyon:

- Greater Boston Legal Services Medicare Advocacy Project, <http://www.gbls.org>

## Doub elijibilite

### "Benefisyè yo ki doub elijib pou Medicare ak Medicaid"

- Fich enfòmasyon Medicare Learning Network : [https://www.cms.gov/outreach-and-education/medicare-learning-network-mln/mlnproducts/downloads/medicare-beneficiaries\\_dual\\_eligibles\\_at\\_a\\_glance.pdf](https://www.cms.gov/outreach-and-education/medicare-learning-network-mln/mlnproducts/downloads/medicare-beneficiaries_dual_eligibles_at_a_glance.pdf)

## Èd siplemantè pou oryante w nan sistèm prestasyon swen sante yo

- Health Care for All: <https://hcfama.org>



Patè yon gwoup moun k ap pwente dwèt yo ansanm pa devan

***Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ak asistans, kontakte CRI nan 774-455-4056 oswa voye yon imel nan [airc@umassmed.edu](mailto:airc@umassmed.edu)***

***Fich enfòmasyon sa a disponib sou sit entènèt nou an nan [www.massairc.org](http://www.massairc.org),***

***Eskane kòd QR la pou konsilte fich enfòmasyon sa a anliy***



**<https://bit.ly/4jsV57A>**

---

**Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal** (Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health) se yon pwogram Eunice Kennedy Shriver Center. Sant la resevwa finansman an pati atravè sibvansyon ak kontra ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (EOHHS), Depatman Sèvis Devlopmantral Massachusetts (DDS), Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH), Depatman Edikasyon Elemantè ak Espesyal Massachusetts (DESE), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Fondasyon Nancy Lurie Marks Family, Fondasyon Doug Flutie Jr. pou Otis, Bailey's Team for Autism, Blue Cross Blue Shield Foundation of Massachusetts, Boston Children's Hospital, ak UMass Chan Medical School. **Feyè enfòmatif sa a te aktyalize pou dènye fwa an 02/2025.**

UMass Chan Medical School